



# COVID-19

## Travayè Esansyèl ak Piblik la

Depatman Sante Florid • FloridaHealthCOVID19.gov

Pwoteje kliyan ou yo, epi pwoteje tèt ou.

### ANPLWAYE YO



Lave men ou souvan avèk savon ak dlo pandan 20 segonn omwen. Si pa gen disponib, itilize yon dezanfektan pou men ki gen omwen 60% alkòl.



Evite manyen figi ou ak men ou ki pa lave.



Netwaye epi dezanfekte objè oswa sifas moun manyen anpil yo—manch pòt, kontè, klavye, elatriye—omwen chak jou.



Kouvri tous ou ak etènne ou avèk andedan koudbra ou oswa itilize yon klinèks.



Pratike distans sosyal: kenbe omwen 6 pye ant oumenm ak kliyan yo, ak kòlèg travay yo. **Mete yon pwoteksyon figi an twal—Sant pou Kontwòl ak Prevansyon Maladi (Centers for Disease Control and Prevention, CDC) rekòmande sa.**



Rete lakay ou si ou malad oswa si yon moun lakay ou gen COVID-19. Enfòmè travay ou. Swiv konsèy CDC yo. Si ou malad: <https://tinyurl.com/wv5rbp>. Si w ap okipe yon moun ki malad: <https://tinyurl.com/td5j95e>. Si ou vin gen sentòm: <https://tinyurl.com/ugsucbv>.

### MANADJÈ YO

Idantifye yon kowòdonatè nan espas travay la k ap responsab pou tout pwoblèm anrapò ak COVID-19.


Detèmine kijan ou pral fonksyone si absanteyis ogmante paske anplwaye yo malad lakay yo oswa yo oblije rete lakay yo pou pran swen manm fanmi ki malad oswa timoun ki pa ka ale nan gadri oswa lekòl. Anvizaje mete anplas konje maladi fleksib epi règleman ak pratik pou bay sipò. Aprann plis nan [CDC.gov/coronavirus/2019-ncov/community/guidance-business-response](https://www.cdc.gov/coronavirus/2019-ncov/community/guidance-business-response).



Ogmante sikilasyon lè: louvri fenèt yo oswa ajiste èkondisyon a. Taksi ak pataj woulib: kenbe fenèt yo louvri si sa posib.



Itilize rezèvasyon ak planifikasyon lè diferan pou evite ankonbreman kliyan.



Limite manyen lajan kach: anvizaje opsyon teke ak kat oswa aparèy pou peye (tap and pay), ak tranzaksyon sou entènèt yo.